



Notifikasyon pwogram elektrisite vil la konsènan enskripsyon otomatik

24 Febriye 2026

Kont elektrisite ou a kalifye pou enskripsyon otomatik nan

Cambridge Community Electricity, pwogram acha elektrisite gwoup vil nou an. Ou ka jwenn nimewo kont elektrisite w la sou kat repons ki anndan an.

Patisipasyon nan Cambridge Community Electricity vle di:

- Pri ekipman pou elektrisite a sou bòdwo elektrisite Eversource ou a ap chanje pou rive **14.48 ¢/kWh**, sa ki **pi ba** pase pri ekipman pou elektrisite Eversource kounye a. Gade pri Eversource yo sou lòt bò a.
Pri Eversource yo chanje epi pwochen pri yo enkon, kidonk nou pa ka garanti ekonomi nan lavni konpare ak Eversource.
- Nouvo pri w la ap fiks epi estab jiska **Janvyè 2029**.
- Ou ap rete yon kliyan Eversource, epi Eversource ap kontinye livre elektrisite w la epi voye bòdwo elektrisite w la.
- Ou ap sipòte dirèkteman nouvo pwojè enèji renouvlab yo. Plis detay sou lòt bò a.

Nouvo pri ekipman pou elektrisite ou a:

14.48 ¢/kWh

Dat limit pou dezabòn:

30 Mas 2026

Sipò Kliyan:

844-379-9934

Wap jwenn plis enfòmasyon/sèvis anliy:

CambridgeMA.gov/enrollCCE




Se desizyon pa w. Fè chwa ki bon pou ou.


- ▶ **Si ou vle patisipe: Pa fè anyen.** Ou pral otomatikman enskri nan opsyon Standard Green nan 14.48 ¢/kWh. Standard Green bay 75% nan elektrisite ou soti nan nouvo sous renouvlab yo.
- ▶ **Si ou vle chanje opsyon pwogram ou an:** Chwazi 100% Green pou resewa 100% elektrisite ou soti nan nouvo sous renouvlab. Chwazi Economy pou pri pwogram ki pi ba a.



OPSYON



ENSKRIPSYON OTOMATIK



OPSYON

Cambridge Community Electricity yo fiks jiska **Janvyè 2029**. Gade lòt bò a pou pri Eversource yo.

- ▶ **Si ou pa vle patisipe:** Patisipasyon pa obligatwa. Pa gen okenn frè oswa penalite pou chwazi pou pa patisipe nan Cambridge Community Electricity, epi ou ka fè sa nenpòt kilè. Pou evite enskripsyon otomatik, soumèt demann ou pou chwazi pou pa patisipe anvan **30 Mas 2026**. Oswa ou ka eseye pwogram lan epi chwazi pou pa patisipe nenpòt kilè nan lavni.

Pou chwazi yon lòt opsyon pwogram oswa pou chwazi pou pa patisipe, vizite CambridgeMA.gov/enrollCCE oswa kontakte sèvis kliyan ak konsiltan pwogram Vil la nan 844-379-9934.

Konpare pri elektrisite Cambridge Community Electricity ak pri ekipman elektrisite Eversource:

Enskripsyon otomatik ▼				Si ou chwazi pou ou pa patisipe ▼
Pri Cambridge Community Electricity				
Pri	14.90 ¢/kWh	14.48 ¢/kWh	13.77 ¢/kWh	15.629 ¢/kWh - rezidansyèl 15.030 ¢/kWh - ti biznis 17.893 ¢/kWh - biznis mwayen ak gwo
Peryòd pri	Enskripsyon – Janvyè 2029	Enskripsyon – Janvyè 2029	Enskripsyon – Janvyè 2029	1 ^{ve} Fevriye – 31 Jiyè 2026, rezidansyèl & ti biznis yo. 1 ^{ve} Fevriye – 30 Avril 2026, biznis mwayen ak gwo.
Elektrisite ki soti nan sous renouvlab yo (% nan total)*				
Ajoute pa Cambridge **	70%	45%	–	–
Lalwa leta a egzije sa (MA Klas I REC)	30%	30%	30%	30%
Total ki soti nan sous renouvlab yo	100%	75%	30%	30%

* Anplis de achte enèji renouvlab ki parèt nan tablo a, lalwa eta a egzije pou founisè elektrisite pwogram lan achte sètifika enèji renouvlab (REC) ki soti nan lòt sous pwòp oswa renouvlab yo. Acha sa a dwe koresponn ak 39% nan konsomasyon elektrisite patisipan yo.

** Yo pral achte REC sa yo nan men de pwojè enèji renouvlab andeyò New England ki sipòte dirèkteman pa pwogram lan.

Enfòmasyon adisyonèl:

- Founisè elektrisite ou a pral Direct Energy Services, LLC (“Direct Energy”). Sou bòdwo w la, w ap wè “Cambridge Comm Elec Direct Energy.” Men, relasyon prensipal ou pou elektrisite rete avèk Eversource, epi w ap kontinye rele yo si kouran an koupe. W ap kontinye rele yo si kouran an koupe. Eversource ap kontinye voye bòdwo elektrisite w la, epi se sèl bòdwo elektrisite sa a w ap resevwa antanke patisipan nan pwogram lan.
- Tout patisipan nan pwogram lan sipòte dirèkteman nouvo pwojè enèji renouvlab yo. Patipisan yo te sipòte devlopman yon pwojè solè lokal nan Lekòl Elemantè Graham ak Parks nan Cambridge. Anplis de sa, Vil la te angaje l pou achte pwodiksyon yon nouvo pwojè solè nan Illinois ak yon nouvo pwojè enèji van nan North Dakota pou patisipan yo nan opsyon Standard Green ak 100% Green. Angajman sa a te pèmèt pwojè sa yo bati. Paske pwojè sa yo sitiye nan rezo elektrik kote jenerasyon elektrisite kreye plis emisyon kabòn pase nan New England, pwojè pwòp sa yo evite plis emisyon pase pwojè menm jan an nan New England.
- Si ou kalifye pou yon rabè pou moun ki gen ti revni oswa asistans pou gaz, benefis sa yo ap kontinye nan Cambridge Community Electricity.
- Si ou gen panno solè sou pwopriyete w la oswa ou patisipe nan yon pwogram solè kominotè, ou ap kontinye resevwa kredi solè ak/oswa peman ankourajman solè, epi patisipe nan Cambridge Community Electricity p ap chanje fason yo kalkile yo.
- Si ou te resevwa avi sa a epi ou te siyen yon kontra avèk yon founisè elektrisite, ou ka te siyen kontra w la apre yo te kreye lis adrès sa a. Pou kontinye resevwa elektrisite nan men founisè ou te chwazi a epi pou evite nenpòt frè rezilyasyon bonè nan men founisè sa a, ou dwe chwazi pou ou pa patisipe nan Cambridge Community Electricity.
- Si ou gen yon kont ki egzante de taks, Ou responsab pou mande yon egzanspyon nan koleksyon nenpòt taks lè w bay dokiman egzanspyon taks ki apwopriye yo. Direct Energy. Vizite CambridgeMA.gov/enrollCCE pou aprann plis.
- Modèl enskripsyon otomatik la annakò ak lwa eta a. Plis pase 200 vil ak bouk nan Massachusetts gen pwogram ki sanble, epi yo tout fonksyone menm jan an. Sepandan, ou pa oblije patisipe. Ou ka chwazi pou pa patisipe nenpòt ki lè san okenn frè oswa penalite.

Kat Repons pou Dezabòn

**Siyen anba a si ou PA vle patisipe nan
Cambridge Community Electricity.**

X _____
Siyati Dat

Enstriksyon pou Refize Patisipasyon

Si ou pa pran okenn aksyon, y ap enskri w otomatikman nan Cambridge Community Electricity.

Si ou PA vle patisipe, ou DWE soti.

Pou soti pa kourye:

1. Siyen epi date kat sa a.
2. Mete kat la nan anvlòp ki andedan an epi voye l pa lapòs.

Kat sa a dwe siyen pa Kliyan Anrejistre ki gen non li parèt nan adrès ki sou kat sa a. Ou kapab tou chwazi pou pa patisipe sou entènèt nan **CambridgeMA.gov/enrollCCE** oubyen pa telefòn nan **844-379-9934**.

Demann pou pa patisipe a dwe fèt anvan, oubyen anvlòp la dwe gen tenm lapòs la anvan, **30 Mas 2026**, pou chwazi pou pa patisipe nan pwogram lan anvan yo enskri w otomatikman. Si ou chwazi pou patisipe, ou ka chwazi pou pa patisipe nenpòt ki lè nan lavni san okenn frè ni penalite.